

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa téh mangrupa salah sahiji pakakas anu dipaké ku manusa dina kahirupan sapopoé, upamana waé dina prosés atikan. Dina prosés atikan, basa digunakeun pikeun komunikasi guru jeung siswana atawa siswa jeung siswa séjénna. Lian ti eta, ngaliwatan basa ogé hiji jalma bisa nepikeun kahayang, eusi pikiran, jeung rupaning pamaksudannana. Ku kituna kalungguhan basa dina kahirupan sapopoé téh kacida pentingna, lantaran sakabéh aktivitas hirup kumbuh manusa teu leupas tina basa.

Upama dipatalikeun jeung fungsi basa salaku pakakas pikeun komunikasi, tangtuna waé undak-usuk basa Sunda ngabogaan peran anu kawilang penting dina kahirupan sapopoé alatan nyarita boh ka saluhureun boh ka sahandapeun atawa ka sasama basa nu dipaké téh kudu bisa diwilah-wilah.

Nurutkeun Sudaryat (2007: 44) undak-usuk basa atawa tatakrama basa mangrupa sopan santun makéna basa dina waktu komunikasi. Ieu sopan santun (étikét) téh geus disaluyukeun jeung diajén jadi hiji padoman ku warga masarakatna pikeun silih hormat jeung silih ajénan. Palebah dieu, undak-usuk basa atawa tatakrama basa téh jadi sistem ngagunakeun ragam basa (hormat-teu hormat) anu raket patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, kaakraban, jeung kontak antara panyatur jeung pamiarsa katut jalma nu dicaritakeun.

Basa cicirén bangsa. Basa kedaling rasa. Kitu babasan nu aya ditatar Sunda. Sok sanajan éta babasan aya ditatar Sunda tapi sipatna mah umum sarta *universal*. Basa Sunda mangrupa basa indung pikeun urang Sunda, boh anu aya di Jawa Barat boh di saluareunana. Malahan jumlah panyaturna ogé kaitung réa, ku kituna disebut basa daérah kadua panggedéna di Indonesia sanggeus Jawa. Basa Sunda mibanda kalungguhan mangrupa status rélatif basa salaku sistem lambang ajén-inajén budaya anu dipatalikeun jeung kamampuh basa Sunda dumasar kana ajén-inajén masarakat Sunda. Perkara kalungguhan jeung fungsi basa Sunda kungsi ditandeskeun deui dina Kongrés Basa Sunda V taun 1988 di Cipayung Bogor ku Aweuhan Cipayung, anu eusi galeuhna nyoko kana tujuh hal, nya éta:

1. Basa Sunda miboga kalungguhan jadi basa daérah;
2. basa Sunda miboga fungsi nu tangtu;
3. basa Sunda jadi unsur budaya Sunda nu boga daya tur poténsi ngawewegkeun pribadi masarakat Jawa Barat dina ngukuhan katahanan nasional;
4. basa Sunda bisa dipaké pakakas dina ngadeudeul pangwangun Jawa Barat;
5. basa Sunda ngeunteungkeun ajén-inajén budaya Sunda;
6. basa Sunda miboga adegan anu angger bari tetep nampa pangaruh luar, jeung
7. basa Sunda bakal leuwih mekar ku pangdeudeul rupining pihak.

(Sudaryat, 2007: 2)

Dina ngagunakeun basa pikeun komunikasi, salian ti ngagunakeun lisan atawa caritaan ku cara nulis ogé bisa lumangsung kagiatan komunikasi téh. Ku kituna kaparigelan jalma dina nulis kudu dironjatkeun.

Nulis atawa ngarang mangrupa kamampuh ngagunakeun basa dina wangun tinulis, pikeun nepikeun gagasan, eusi pikiran, kahayang, kereteg haté, atawa informasi. Dina nepikeun gagasan atawa informasi dina wangun tinulis kudu dipigawé kalawan daria tur ati-ati, sarta dipigawé dina waktu anu rinéh sangkan bisa mikir pikeun nyusun jadi kalimah. Tina kalimah jadi paragraf, paragraf jadi wacana jeung saterusna, nepi ka ngajanggélék jadi wangun karangan anu mibanda ajén jeung tujuan.

Nurutkeun Sudaryat (2007: 56) biantara nya éta nyarita di hareupeun balaréa. Maksud jeung tujuan biantara nya éta pikeun nepikeun gagasan atawa eusi pikiran anu kudu kaharti. Nu kudu kaharti di dieu tangtuna waé dibarengan ku makéna basa nu merenah numutkeun aturan, misalna waé ngagunakeun undak-usuk basa dina nepikeun biantara. Tapi dina kaayaan barudak SMP jaman kiwari hususna di SMP Negeri 3 Lembang, dina nyarita ngagunkeun basa Sunda ogé geus langka komo jeung dibarengan ngagunakeun undak-usuk basa nu merenah mah hésé kapanggihna.

Panalungtikan ngeunaan ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda saméméhna geus aya anu nalungtik nya éta ku Érlin Darlina judulna *Kamampuh Ngalarapkeun Undak-usuk Basa Sunda dina Ngarang Naskah Drama Siswa Kelas 3 SMPN I Ibum Majalaya*". Kamampuh ngagunakeun basa dina ngarang naskah drama jeung nulis biantara tangtuna waé teu sarua. Dina ngarang naskah drama siswa bisa leuwih *ekspresif* ngébréhkeun naon anu rék ditulisna. Sedengkeun dina nulis biantara siswa kudu nyaho aturanana, utamana ngagunakeun undak-usuk basa Sunda nu cocog pikeun nulis biantara. Salian ti éta

saméméhna ogé geus aya panalungtikan nu judulna *Kamampuh Ngalarapkeun Tatakrama Basa Sunda dina Nulis Surat Pribadi Siswa SMA Pasundan 8 Bandung* (Witri Ermawati).

Maksud tina ngayakeun panalungtikan ieu téh sabab undak-usuk basa Sunda jeung nulis biantara aya dina pangajaran basa Sunda. Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun mikanyaho kasalahan siswa ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda dina nulis biantara.

Luyu jeung masalah sarta tacan aya nu ngagarap. Ku kituna, dumasar kana kasang tukang masalah nu geus dipedar saméméhna, panalungtikan ngeunaan *Kasalahan Ngalarapkeun Undak-usuk Basa Sunda dina Pangajaran Nulis Biantara Siswa Kelas IX SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajaran 2011/2012*, perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah, ieu panalungtikan ngaguar undak-usuk basa Sunda nu kurang merenah dilarapkeunana dina nulis biantara ku siswa kelas IX SMP Negeri 3 Lembang. Panalungtik milih nalungtik biantara lantaran dina pangajaran biantara aya pancén pikeun nulis naskah biantara nu mana bisa dipikanyaho kumaha makéna undak-usuk basa, boh keur ka sorangan boh keur ka batur. Ku kituna sangkan masalah panalungtikanana teu lega teuing masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan ngan medar ngeunaan kasalahan ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda (basa lemes keur ka sorangan jeung ka batur; jeung basa loma) nu merenah jeung nu kurang merenah dina nulis biantara.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus dipedar saméméhna, ieu panalungtikan téh medar ngeunaan undak-usuk basa Sunda dina nulis biantara nu masih kénéh kurang merenah dilarapkeunana ku siswa kelas IX SMP Negeri 3 Lembang. Patali jeung éta panalungtikan, masalah dina ieu panalungtikan baris dirumuskeun dina wangun pananya saperti ieu di handap:

- 1) kumaha larapna kecap undak-usuk basa Sunda (loma, lemes keur sorangan, jeung lemes keur batur) nu digunakeun ku siswa SMP Negeri 3 Lembang dina nulis biantara?
- 2) Kumaha hasil larapna undak-usuk basa Sunda siswa dina nulis biantara?
- 3) faktor-faktor naon waé nu ngalantarankeun teu mampuhna siswa ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda dina nulis warta?.

1.4 Tujuan Panalungtikan

1.4.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan téh nya éta hayang mikanyaho kasalahan siswa kelas IX SMP Negeri 3 Lembang dina ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda dina nulis biantara.

1.4.2 Tujuan Husus

Tujuan husus nu baris dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) undak-usuk basa Sunda (loma, lemes keur sorangan, jeung lemes keur batur) nu digunakeun ku siswa SMP Negeri 3 Lembang dina nulis biantara;
- 2) hasil undak-usuk basa Sunda siswa dina nulis biantara; jeung
- 3) faktor-faktor nu ngalantaranankeun teu mampuhna siswa ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda dina nulis biantara.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

1.5.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun méré mangpaat sacara tioritis ngeunaan kasalahan ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda dina nulis biantara.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun:

- 1) méré ambahan ka para guru pikeun mikanyaho dimana kasalahan para siswa dina nulis biantara;
- 2) méré bongbolongan ka para guru basa Sunda sangkan manggihan dimana bangbaluh siswa dina ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda upama nulis biantara;
- 3) bisa jadi bahan guru guru pikeun prosés KBM.

1.6 Raraga Nulis

Raraga nulis dina ieu panalungtikan kabagi kana lima bab.

Bab I dijudulan “Bubuku” anu ngawengku; kasang tukang masalah, watesan masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis.

Bab II dijudulan “Undak-usuk basa Sunda, Nulis, jeung Biantara” anu ngawengku; undak-usuk basa Sunda, nulis, biantara, nulis biantara, jeung asumsi.

Bab III dijudulan “Métode Panalungtikan” anu ngawengku; sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

Bab IV dijudulan “Analisis Kasalahan Ngalarapkeun Undak-usuk Basa Sunda dina Nulis Biantara” ngadéskripsikeun jeung nganalisis hasil panaungtikan larapna undak-usuk basa Sunda dina nulis biantara.

Pamungkas Bab V anu dijudulan “Kacindekan jeung Rékomendasi” mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan jeung rékomendasi ti panyusun.